# ÁBDIQÁDIR ShÍǴARMALARÍNDA TARIYXÍY TEMANÍŃ SÁWLELENIWI

**Davletov Barlıqbay Abdimuratovich –** *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
davletovb@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ВЫРАЖЕНИЕ ИСТОРИЧЕСКОЙ ТЕМАТИКИ В ПРОИЗВЕДЕНИЯХ АБДИКАДИРА

**Давлетов Барлыкбай Абдимуратович –** *кандидат филологических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# EXPRESSION OF THE HISTORICAL SUBJECT IN ABDIQADIR'S WORKS

**Davletov Barlikboy Abdimuratovich –** *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** tarixiy mavzu, qo'shiq, tarixiy jir, improvizatsiya, yozma adabiyot, to'lg'ov, janr, badiiylik.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq xalq shoiri Abdiqodir Bekimbet o'g'lining tarixi asarlari tahlil qilingan. Shoirning tarixiy asarlarida xalqning tirikchiligi, yashash tarzi va tarixi voqealar haqida ma'lumot berilgan. Shuningdek, ayrim amaldorlarning xulq-atvori tanqid qilinib, tarixiy she'rlari kontekst misolida tahlilga olingan.

**Ключевые слова**: историческая тема, песня, исторический жанр, импровизация, письменная литература, толгау, жанр, художественность.

**Резюме.** В статье анализируются исторические произведения Абдикадира Бекимбета оглу, одного из каракалпакских народных поэтов. Исторические произведения поэта содержат информацию о жизни, образе жизни и исторических событиях народа. Также критикуется поведение некоторых чиновников, и его исторические стихи анализируются в контексте.

**Key words**: historical theme, song, historical genre, improvisation, written literature, tolgau, genre, artistry.

**Summary.** The article analyzes the historical works of Abdikadir Bekimbet oglu, one of the Karakalpak folk poets. The poet's historical works provide information about the livelihoods, lifestyles, and historical events of the people. The behavior of some officials is also criticized, and his historical poems are analyzed in context.

**Kirisiw.** Tariyxıy qosıqlarda xalıqtıń basınan ótkergen belgili tarixıy waqıyalar, xalıq batırları hám de tariyxıy orınlar sáwlelenedi. Onda óz dáwiriniń real ómiri, xalvıqtıń kún-kóris jaǵdayları, watanǵa bolǵan watansúyiwshilik sezimler ashıp beriledi. Usınday temada qálem terbetken talantlı shayır Abdiqádir Bekimbet ulı bolıp, ol qaraqalpaq poeziyasın ideyalıq-tematikalıq jaqtan ózi jasaǵan dáwir waqıyaların, jámiyetlik mashqalalar, miynet, didaktikalıq, filosofiyalıq, yumor, satiralıq hám tariyxıy shıǵarmaları menen bayıttı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Ábdiqádir shayır dóretiwshiligi boyınsha qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde belgili ilimpazlar Á.Paxratdinov, H.Ótemuratova [3; 4], Á.Qojıqbaevlar [2] tárepinen bir qatar ilimiy maqalalar járiyalanǵan bolsa, folklortanıw iliminde tariyxıy qosıqlar boyınsha Á.Tájimuratov, Q.Maqsetov [5], E.Qanaatovlar [6] tárepinen izerlengen. Atap aytqanda, Ábdiqádirdiń ádebiy miyrasları, shıǵarmalarınıń ideyalıq-tematikalıq, bagdarları hám korkem-estetikalıq kózqarasları Á.Paxratdinov tárepinen tómendegishe bahalanadı: «XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basında jasaǵan xalıq shayırlarınıń ishinde Ábdiqádir Bekimbet ulınıń ornı ádebiyatta óz aldına ózine tán ózgeshelikleri menen ayrıqshalanıp turadı. Ol improvizaciya, waqıyalardı durıs kórsetiw, qalaberse, shıǵarmalarında jazba ádebiyatqa tán xarakterli belgiler, poetikalıq til, kórkemlik ózgeshelikler ayrıqsha kózge taslanadı» [3:115]. Al, tariyxıy qosıqlar haqqında ilimpazlar Á.Tájimuratov, Q.Maqsetovlar bılay anıqlama beredi: «Belgili bir tariyxıy hádiysege baylanıslı dóregen shıǵarmalardı tariyxıy qosıqlar deymiz» [5:102].

Izertlewdiń júzege keliwinde kórkem-estetikalıq, biografiyalıq talqı metodlarınan paydalanıldı.

**Talqılawlar hám nátiyjeler.** Ábdiqádir shayırdıń «Qızketken», «Qattıaǵardan jıqqın ketti» shıǵarmaları tariyxıy waqıyalar tiykarında jazılǵan. Belgili folklortanıwshı ilimpaz Q.Ayımbetov tariyxıy qosıqlardı «tarixıy jır» ataması menen atap, xalıqtıń basınan ótken tariyxıy waqıyalarǵa qurıladı, tariyxıy jır dep atalıwınıń da sebebi sonnan. Sonlıqtan «jır» sózin qosıp, «Tarixıy jır» dep atawǵa boladı» [1:57]. Óz gezeginde ilimpaz, tariyxıy jırlar sıpatında, Sıdıq shayırdıń «Zaman», «Aq qapshıq», Ábdiqádirdiń «Qız ketken» shıǵarmaların xalıq jırshılarınıń tariyxıy jırınıń úlgisinde jazılǵan dep, olarda tariyxıy waqıyalar sóz etilgenligin atap kórsetedi [1:58]. Al, izertlewshi E.Qanaatov «Tariyxıy qosıqtıń tariyxıy jır hám tolǵawlardan ayırmashılıq tárepleri bar bolıp, ol óz aldına janr» [7:12] dep esaplaydı.

Ábdiqádir shayırdıń «Qattıaǵardan jıqqın ketti» qosıǵı 1911-1912-jılǵı Qattı aǵardıń saǵasınan jıqqın waqıyasına arnalǵan [8.9]. Qosıqta eldiń miynet penen keltirgen diyqanshılıǵın, jay úskenesin suw basıp, onnan jábir kórgen miynetkesh xalıq turmısı súwretlenedi. Mısalı:

Qattıaǵardan jıqqın ketti,
Jıldam Qotankólge jetti,
Eginlerdi wayran etti,
Elge jábir bolǵan eken.

Suw basqını jaman boldı,
Biyday arpa saban boldı,
Besjap, Náwpir aman boldı,
Basqaların alǵan eken [4:97].

Shayır qosıqta tek jıqqın waqıyasın sóz etip ǵana qalmastan, el basına kún tuwǵanda biypárwa bolǵan basshı, hámeldarlardı, bay, bolıs, aqsaqallardıń háreketlerin qattı sınǵa aladı. Mısalı:

Eldi suw alıp jatqanda,
Qara úy suwda qalıqqanda,
Aralǵa qarap aqqanda,
Bolıs elde jatqan eken.

Baylawǵa kórmey háreket,
Qolında bar qárejet,

Bolıs, aqsaqal, qara bet,
Biymáni sóz aytqan eken [4:97].

Qattıaǵardan jıqqın ketip, xalıqtıń hadal miynet penen etken diyqanshılıqları, ekken eginleri suw astında qalıp, suw basqını kem-kemnen kúsheye túsedi. Lekin, xalıq isengen hámeldarlar járdemge kelmey, jıqqındı baylaw ushın miynetkesh xalıq jeń túrinip shıǵadı. Mısalı:

Ash xalıqlar arqalanıp,
Aqsaqal mayıp ishi janıp,
Tuwǵan qatın balasın tańıp,
Qashı shabıwǵa kelgen eken [4:98].

Balıqshı, sırnayshı, ǵárrekshiler, etikshiler jám bolıp, qoldawlı, qońırat elatı, múytenler járdem qolın sozıp, kómekke kelgenligi shayır tárepinen kórkem sáwlelengen:

Qoldawlı, qońırat elatı,
Aydos, Begistiń áwladı,
Kólde balıqshı qalmadı,
Emin-erkin kelgen eken [9:35]

Ábdiqádir shayırdıń ózi de sol waqıyanıń gúwası bolǵanın, jıqqında toqtatıp, 45 kúnde úyine oralǵanın tómendegishe sóz etedi:

Ábdiqádir kórip ayttı,
Arasında júrip ayttı,
Qırq bes kúnde úyge qayttı,
Elde árem alǵan eken [4:99]

Shayırdıń «Qızketken» qosıǵında 1915-16-jıllardaǵı tariyxıy waqıyalar sóz etiledi. Xalıq suwsızlıqtan jábir shegip, qıynaladı. «1916-jıldıń waqıyaları awızeki xalıq dóretpelerinde de, xalıq shayırlarınıń dóretiwshiliklerinde de óziniń tolıq sáwleleniwin taptı» [2:46]. Ilimpaz Á.Paxratdinov, Ábdiqádirdiń «Qızketken» shıǵarmasın qazıw temasında dóretilgen» degen pikirdi bildiredi [4:36].

Qosıqta Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarındaǵı aymaqlarda, Shımbay uezdine qaraslı jerlerde jasawshı xalıqtıń suwsızlıq aqıbetinen asharshılıqqa ushırawı súwretlengen. Sebebi sol jılları bul jerlerdi suw menen támiyinlep turǵan Esimózek, Quwanıshjarma, Kegeyli kanalları qazılmay qalıwı nátiyjesinde, jap-salmalarda suwlar kelmeydi. Qızketken kanalın qazıw ushın elden beldar jıynaydı. Mısalı:

Beldar saldı tas ózekke,
Ash-jalańash ózi jekke,
Bolıs, aqsaqal jemekke,
Qazıw sıltaw koly boldı.

Bolıs buyrıq qaǵaz jayıp,
Aydaǵanı aqsaq, mayıp,
Dáwlet pushıq bolıp nayıp,
Biyler júdá jaman boldı [9:19].

Hámeldarlar xalıq basına túsken ayanıshlı awhaldan paydalanıp, para alıp, qazıwǵa beldar jiberiw tártibin turpayılıq penen buzadı:

Baylar teńge menen qaldı,
Bay beldarın ashqa saldı,
Quwıp, aydap kembaǵaldı,
Biyler júdá jaman boldı.

On bir bolıs bardı qalmay,
Qáterelige beldar salmay,
Jarlınıń sózin tıńlamay,
Bir zulımlıq jaman boldı [9:19-20].

Qosıqta shayır puqara xalıqtı teńdey kórmey, ádalatsız qatnasta bolǵan hámeldarlardıń is-háreketi ashıp berilgen. Mısalı:

Qolı jetpes nársege tırtaqlaǵan.
Orınlı iske jortıp, oy tappaǵan,
Jumıs islep, yamasa mal baqpaǵan.
Biyqásiyet boladı onday jigit,
Esheyin qurı biykar bılǵaqlaǵan [7:10]

Qosıqta xalıqtıń ashlıqta, jartıwlı qarnı toymay, jas balaların taslap, jumıs islegeni sáwlelengen. Mısalı:

Turıp etti erte talap,
Iyshkenleri ayran-shalap,
Jas balalar qaldı jılap,
Bala baǵıw jaman boldı [9:95].

Bul shıǵarma qıssaxanlardıń eń súyip jırlaytuǵın qosıqları qatarınan orın alǵan.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, Ábdiqádirdiń tariyxıy qosıqları xalqımız turmısı haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar beredi. Shayırdıń tákirarlanbas miyrasların tereńnen tallap úyreniw – jaslar ushın oǵada áhmiyetli máselelerden bolıp, jas áwlad ushın ruwxıy azıq bola aladı.

## Ádebiyatlar

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
2. Қожықбаев Ә. Тарийхый қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.
3. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы каракалпақ әдебияты тарийхы. – Нөкис: «Билим», 1996.
4. Пахратдинов Ә., Өтемуратова Ҳ. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Хрестоматия. – Нөкис: «Билим», 1995.
5. Тәжимуратов Ә., Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
7. Қанаатов Е. Қорақалпоқ халқ тарихий қўшиқлари: Филол. илим. филос. докт. (PhD) …дис.автореф. – Нөкис: 2022.
8. Әбдиқәдир Бекимбет улы. Таңламалы қосықлары. (Баспаға таярлағанлар: Н.Жапақов, А.Кәримов). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1966.